

Demann pou Korije yon Batistè NYC

Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou konnen konbyen tan sa pran kounye a pou nou travay sou demann yo, nan ki etap kòmman ou a ye ak lòt enfòmasyon.

(Tanpri ekri klè epi mete tout enfòmasyon ou kapab nan lang anglè. Fòmilè yo remèt nan lòt lang yo ap mande plis tan pou nou travay sou yo. Se pou gade sèlman w ap jwenn tradiksyon fòmilè sa a sou entènèt — se fòmilè ki nan lang anglè a pou w ranpli nan lang anglè.)

Kiyès Ki Kapab Mande Koreksyon?

Pou mande koreksyon: ou dwe moun yo nonmen sou batistè a e ou dwe gen omwen 18 an, oswa ou dwe paran oswa responsab legal moun yo nonmen sou batistè a si moun nan gen mwens pase 18 an. Moun yo nonmen sou batistè a dwe te fèt andedan senk minisipalite yo nan NYC (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, Staten Island).

Kijan Pou Mwen Fè yon Koreksyon?

- Kòmmanse pa ale sou Paj 5 fòmilè sa a epi idantifye kalite koreksyon ou vle fè a.
- Dapre kalite koreksyon ou vle fè a, ale nan Tablo A, B, C, D oswa E.
- Li enstriksyon yo byen sou kalite dokiman w ap bezwen bay ansanm ak demann ou an.
- Apre sa, rasanble dokiman nou mande yo epi mete yo ansanm ak demann ou an.
- Mete tout enfòmasyon ki sou Paj 2 jiska 4. Pa bliye siyen fòmilè a ak mete dat ou siyen li an.
- Ou dwe bay yon pyès idantite ki gen foto ou, ki ajou (pa ekspire) e ki gen siyati ou. Si se non toude paran yo ki sou papyè a, toude dwe siyen demann nan epi bay kopi pyès idantite yo (identification, ID). Nou aksepte fotokopi ID ansanm ak demann yo voye pa lapòs. Fotokopi yo dwe klè e yo dwe gen ni devan ni do ID an.

Dokiman Ou Oblije Bay

- Ou dwe voye dokimantasyon orijinal avèk antèt oswa kopi sètifye konfòm ansanm ak demann ou an. Kopi sètifye konfòm se dokiman yon biwo gouvènman bay ki souvan gen yon so ki fèt an ti boul, tankou batistè oswa papyè maryaj. Nou pa aksepte ni kopi notarye, ni fotokopi ni dokiman ki modifeye.
- Si dokiman ou yo nan yon lang ki pa anglè, ou dwe jwenn tradiksyon ofisyèl dokiman nou bezwen yo. Konsila ki andeyò Etazini ap souvan tradui dokiman ofisyèl yo pou ou. Nou aksepte tradiksyon ki soti nan men sèvis tradiksyon ki rekoni.

Pri: Konbyen Sa Koute pou Fè yon Koreksyon?

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC an (Depatman Sante a) mande yon **peman \$40 ke yo p ap ranbouse pou travay sou demann nan** pou fè pifò koreksyon yo, plis \$15 pa kopi pou chak nouvo batistè. Lè ou gen pou w peye, demann nan koute \$40 menm si gen plis pase yon bagay ki korije.

Se pou kalite koreksyon sa yo sèlman ou p ap gen pou peye: Rekonesans Lyen Parante/Patènite; Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Piti/Patènite; ajoutman yon paran ki te marye anvan nesans timoun an; ajoutman prenon yon timoun, si se yon paran ki bay Depatman Sante a li nan 60 jou apre nesans timoun nan; ajoutman prenon yon timoun, si se yon paran ki bay lopital la li nan 12 mwa apre nesans timoun nan; koreksyon erè lopital la ak sa lopital la pa mete, si lopital kote timoun nan te fèt la bay li nan 12 premye mwa yo apre nesans la.

Seksyon En: Kijan Ou Rele?

Atansyon, ou dwe gen omwen 18 an. Ekri klè epi sèvi ak lank nwa sèlman.

PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI	
ADRÈS POSTAL			NIMEWO APATMAN
VIL		ETA	KÒD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN PRENSIPAL	LÒT NIMEWO TELEFÒN	ADRÈS IMÈL	

Sitiyasyon matrimonyal/plasaj:

- Selibatè/poko janm marye Marye Separe
 Divòse Vèf/vèv Nan plasaj anrejistre

Seksyon De (2): Enfòmasyon sou Batistè a:

Pou seksyon sa a, ekri sa ki make kounye a sou batistè ou vle korije a.

Nimewo batistè a: 1 5 6 - ____ - ____ - ____ - ____ - ____

Non ki sou batistè a jan li parèt **kounye a**:

PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI
--------	---------------	-----------

Dat nesans (mm/jj/aaaa): _____

Sèks: Gason Fi X*

Non jennfi manman an:

PRENON	NON FANMI
--------	-----------

Kote li te fèt jan li parèt kounye a sou batistè a:

NON LOPITAL LA, SANT AKOUCHMAN AN OSWA, SI SE LAKAY, ADRÈS REYÈL, VIL, ETA, KÒD POSTAL
--

*X se yon sèks ki pa ni gason ni fi (yon idantite seksyèl ki pa binè).

Seksyon Twa: Kisa Ou Vle Korije?

Mete yon sèl koreksyon sou chak liy. Nou pa ka aksepte fòmilè ki gen tèks ki bare oswa ki efase sou li. Si ou fè fot, sèvi ak yon lòt fòmilè demann. (Si w ap ajoute yon dezyèm paran **SÈLMAN**, ranpli Seksyon 4 pito.)

Kisa ou vle korije?	Kisa ki make <u>kounye a</u> sou batistè a?	Kisa ki sipoze make sou dosye nesans la?
Egzanp: Prenon timoun nan	Egzanp: Li Pa Parèt	Egzanp: Michael
Egzanp: Dat nesans	Egzanp: October 16, 2009	Egzanp: October 19, 2009

Seksyon Kat: Enfòmasyon sou Dezyèm Paran an

Si ou vle ajoute non yon lòt paran, ranpli seksyon sa a. Nou dwe te marye anvan nesans timoun nan. Gade Tablo B sou Paj 7 ak 8.

Non Dezyèm Paran an

PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI DEZYÈM PARAN AN
--------	---------------	---------------------------

Peyi kote paran an te fèt _____

Sèks: Gason Fi X

Dat nesans dezyèm paran an (mm/jj/aaaa): _____

Laj dezyèm paran an lè timoun nan te fèt: _____

NON FANMI TIMOUN NAN (JAN LI PRAL PARÈT SOU BATISTÈ A, MENM SI LI PA CHANJE)	
SIYATI DEZYÈM PARAN AN	DAT

Seksyon Senk: Siyen Demann Ou an

Siyen fòmilè a kote ki fèt pou sa. Si non toude paran yo deja sou batistè a, toude dwe siyen si timoun nan gen mwens pase 18 an.

SIYATI MANMAN AN/PARAN AN/RESPONSAB LEGAL LA	DAT
SIYATI PAPA A/PARAN AN/RESPONSAB LEGAL LA	DAT

SIYATI MOUN K AP RANPLI DEMANN SA A	DAT
SIYATI OU (SI OU GEN LAJ OMWEN 18 AN E W AP MANDE YON KOREKSYON SOU PWÒP BATISTÈ PA OU)	

Atansyon! Pèsonn pa gen dwa fè deklarasyon ki fo, ki pa vre, oswa ki twonpè ni imite siyati yon lòt moun sou yon demann ki oblije prepare konfòmeman a Kòd Sante Vil New York la (New York City Health Code). Yon vyolasyon Kòd Sante a ap jwenn pinisyon kòm deli. (Kòd Sante NYC 3.19 / NYC HEALTH CODE 3.19) Bay fo idantifikasyon se yon krim e y ap mennen transgresè yo devan lajistis.

Pri yo ak Kijan pou Remèt Demann Ou an

Gen yon peman \$40 ke yo p ap ranbouse pou travay sou demann nan pou fè pifò koreksyon yo, plis \$15 pa kopi pou chak nouvo batistè rive jiska yon limit twa batistè.

Paregzanp, pou korije yon batistè epi mande de (2) kopi korije w ap peye \$70:

Peman pou travay sou demann nan = \$40 + \$30 pou de (2) batistè = \$70 ototal.

Kalkile Pri Demann Ou an

Peman ke yo p ap ranbouse pou travay sou demann nan: 40\$
Kantite batistè korije ou mande yo (3 omaksimòm): _____
Miltipliye pa **\$15 pou chak batistè korije egal:** \$ _____
Montan total peman an: \$ _____

Gade Paj 1 pou wè pri yo, ak koreksyon ou pa gen pou peye pou yo. Ou p ap gen pou peye pou batistè a nonplis si ou akonpaye demann ou an ak kopi sètifye konfòm yon batistè ou te achte nan twa mwa pase yo e ou vle twoke li pou yon batistè korije.

Tanpri fè chèk oswa manda postal ou a sou non: **NYC Department of Health and Mental Hygiene**. Nou pa aksepte kach. Kliyan ki vini san randevou te mèt peye pa kat kredi oswa debi, pa chèk, oswa pa manda postal.

Verifye ou mete tout bagay ki nesèsè yo (make tout sa ou mete):

- Demann ranpli, siyen an avèk kopi yon ID ki gen foto w sou li. **Voye pa lapòs pou:**
Si timoun nan poko gen laj 18 an, mete ID chak paran yo nonmen sou batistè a. NYC Department of Health and Mental Hygiene
Corrections Unit
- Yon fotokopi chak orijinal oswa chak kopi sètifye konfòm
125 Worth Street, CN-4, Room 144
New York, NY 10013
- Peman, si ou gen pou peye
- Dokiman orijinal oswa sètifye yo

Pou yo ede ou ak koreksyon yo, rele **311** oswa voye yon imèl pou correctionsunit2@health.nyc.gov.
Tout fòmilè yo dwe ranpli nan lang anglè, men gen fòmilè tradui ki disponib sou entènèt pou gade sèlman.

Kisa ou ta renmen mande?
Idantifye sa ou bezwen bay dapre tablo ki annapre yo.

Kalite koreksyon w ap mande a		Kisa pou mwen bay?
1	Ajoute oswa korije yon non ki sou yon batistè	Gade Tablo A.
2	Chanje non ou oswa non pitit ou sou yon batistè	Gade Tablo A.
3	Korije enfòmasyon sou paran an sou yon batistè (non paran an, dat ak kote paran an te fèt)	Gade Tablo A.
4	Ajoute, chanje oswa wete yon paran sou yon batistè (sa gen ladan patènite, lyen paran-pitit, adopsyon)	Gade Tablo B.
5	Chanje sèks la sou yon batistè	Gade Tablo C.
6	Korije yon erè lopital la fè	Gade Tablo D.
7	Wete enfòmasyon sou batistè a	Gade Tablo E.

Tablo A		
Mwen se	Mwen vle	Ki dokiman mwen bezwen? (Gade deskripsyon dokiman yo pi ba a.)
Moun ki gen non li sou batistè a oswa paran timoun nan ki gen non li sou batistè a. Si se yon paran, timoun nan dwe poko gen 18 an. Si se lopital la ki te fè erè a, ale nan Tablo D demann sa a.	1. Ajoute oswa korije prenon an oswa dezyèm prenon an sou batistè a.	1, 2, 3, 4, 5 oswa 6 (Gade "Pran nòt pou dokiman 1 a 6" tou anba tablo lis dokiman an pi ba a.)
	2. Chanje non ki sou batistè a (prenon, dezyèm prenon ak/oswa non fanmi; chanjman non legal).	12
	3. Korije enfòmasyon sou paran an ki sou batistè a (jan non paran an eple; dat ak kote paran an te fèt).	7, 9 oswa 13
	4. Korije non fanmi ki sou batistè a.	7a, 8, 9, 10 oswa 11 Tout dokiman yo dwe gen yon dat ki vin anvan dat nesans la.

Si se lopital la ki te fè erè a, ale nan Tablo D demann sa a.

Lis dokiman Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC an aksepte	
#	Kalite dokiman nou aksepte
1*	Kanè vaksinasyon ki montre prenon timoun nan, dat nesans li, non paran ki sou batistè a ak so etablisman sante a. Kanè vaksinasyon an dwe gen omwen 10 an.
2*	Premye resansman ki te pran apre nesans la (federal oswa eta)
3*	Lèt yon doktè ki montre dat nesans ou ak non kòrèk la. Lèt la dwe sou papye ki gen antèt epi endike ou te resevwa tretman nan men doktè a sa fè omwen 10 ane de sa. Li dwe gen dat premye vizit ou a ak dat dènye vizit ou a.
4*	Lèt nan men yon lekòl primè, premye sik segondè oswa dezyèm sik segondè kote ou t ale ki montre dat nesans ou ak non kòrèk ou. Lèt la dwe endike dat ou te enskri yo e li dwe soti nan men yon lekòl ou t ale ladan sa fè omwen 10 ane de sa.
5*	Yon lèt oswa dokiman ki soti nan men yon enstitisyon relijye ki montre dat nesans ou ak non kòrèk ou. Dokiman an dwe gen omwen 10 an e li dwe gen antèt ofisyèl.
6*	Polis asirans-vi ou ki montre dat nesans ou ak non kòrèk ou. Polis la dwe gen omwen 10 an.
7	Batistè orijinal paran ki gen enfòmasyon ou ta renmen korije yo.
7a	Batistè paran an ki montre fason kòrèk pou eple non fanmi an. Dat batistè a dwe vin anvan dat nesans la.
8	Paspò paran an ki montre fason kòrèk pou eple non fanmi an. Dat emisyon paspò a dwe vin anvan dat nesans la.
9	Papye maryaj orijinal paran yo si paran yo te marye anvan timoun nan te fèt. Li ka sèvi sèlman pou korije non fanmi.
10	Sètifika Natiralizasyon Ameriken Paran an. Enfòmasyon ki sou sètifika natiralizasyon an dwe parèy ak enfòmasyon sou paran ki sou batistè a. Non fanmi paran ki sou sètifika natiralizasyon an dwe parèy ak koreksyon w ap mande a. Dat sètifika natiralizasyon an dwe vin anvan dat nesans la.
11	Batistè yon gran sè oswa yon gran frè ki menm paran an.
12	Fè yon tribinal ba ou yon lòd sètifye pou chanjman non legal. Si ou rete nan NYC, ou dwe ale nan Tribinal Sivil la epi mande yon chanjman non legal. Si ou rete andeyò NYC, ale nan bon tribinal la nan zòn ou epi mande yon chanjman non legal. Lòd sètifye pou chanjman non legal la dwe gen ladan dat nesans ou, kote ou te fèt ak nimewo batistè a.
13	Nenpòt nan sa ki annapre yo: <ul style="list-style-type: none"> Batistè paran ki gen enfòmasyon ou ta renmen korije yo Batistè yon gran sè oswa yon gran frè ki gen menm paran an Yon enstitisyon relijye ki montre dat nesans ou, non kòrèk ou ak non kòrèk paran an(yo) Sètifika natiralizasyon oswa papye maryaj anvan timoun nan te fèt; li gen dwa sèvi pou korije non fanmi an sèlman

***Pran nòt pou dokiman 1 a 6:** An jeneral, yon dokiman dwe tabli anvan 7yèm anivèsè timoun nan oswa li dwe gen omwen 10 an. Sa ap ede nou tabli dokimantasyon w ap bay la se bonjan dokimantasyon. Dokiman yo dwe gen bagay sa yo tou: non timoun nan; dat nesans ki make a; non paran an(yo).

**Tablo B. Ajoute, chanje oswa wete yon paran sou yon batistè NYC
(sa gen ladan Rekonesans Lyen Parante/Patènite, Lyen Paran-Pitit, Adopsyon)**

Tanpri li sa a anvan:

Pwosis ajoute non yon dezyèm paran sou yon batistè NYC abityèlman depann de sitiasyon matrimonyal paran an(yo) lè timoun nan te fèt.

Ou dwe bay papye maryaj sivil oswa lòt dokiman yo ansanm ak demann nan. Nan ka kote paran yo divòse legalman, ou dwe bay papye divòs la(yo) tou. Si gen yon paran ki mouri, ou dwe bay sètifika desè paran ki mouri an. Tout papye yo se dwe kopi sètifye konfòm.

Eta New York rekonèt maryaj ki te fèt nan lòt eta , nan Washington D.C., ak aletranje. Li pa rekonèt plasaj.

Sonje, sòf si gen yon lòd tribinal, se toude paran yo ki dwe siyen fòmilè demann sa a lè w ap ajoute yon dezyèm paran.

Kijan pou mwen ajoute non yon lòt paran? Li tablo sa a (li kontinye sou paj apre a) pou konnen sa ou dwe fè.

#	Sa mwen ye pou timoun nan	Èske mwen te marye lè timoun nan te fèt?	Mwen vle ajoute	Mwen dwe
1	Manman/paran ki te akouche timoun nan	Wi	Mari an/madanm nan (sa se pou mari/madanm ki te la nan moman nesans timoun nan)	Ranpli Seksyon 4, Paj 3, nan demann sa a (enfòmasyon sou dezyèm paran an). Pa gen peman koreksyon \$40 pou ajoute mari an/madanm nan. Men, gen yon peman \$15 pou chak batistè ki korije.
2	Manman/paran ki te akouche timoun nan	Wi, men mwen pa t marye ak papa byolojik pitit mwen nan moman nesans pitit mwen an.	Papa/paran byolojik timoun nan	Ale nan Tribinal Koze Lafanmi an oswa nan Lakou Siprèm Eta New York la epi mande yon Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit. Epi tou, mande pou yo presize vil, eta, dat nesans ak sèks paran pou yo ajoute a sou Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit la. Pa gen peman \$40 pou koreksyon lè w ap ajoute papa byolojik la. Men, gen yon peman \$15 pou chak batistè korije.
3	Manman/paran ki te akouche timoun nan	Non	Papa/paran byolojik timoun nan	Ranpli <u>fòmilè Rekonesans Lyen Parante a (Acknowledgment of Parentage, AOP)</u> . oswa: Ale nan Tribinal Koze Lafanmi an oswa nan Lakou Siprèm Eta New York la epi mande yon Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit. Epi tou, mande pou yo presize vil, eta, dat nesans ak sèks paran pou yo ajoute a sou Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit la. Pa gen peman \$40 pou koreksyon lè w ap ajoute papa byolojik la. Men, gen yon peman \$15 pou chak batistè korije.
4	Manman/paran ki te akouche timoun nan	Non	Dezyèm paran an (se pa papa/paran byolojik timoun nan)	Ranpli <u>fòmilè Rekonesans Lyen Parante a (Acknowledgment of Parentage, AOP)</u> . oswa: Ale nan Tribinal Koze Lafanmi an oswa nan Lakou Siprèm Eta New York la epi mande yon Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit oswa yon Lòd Adopsyon. Epi tou, mande pou yo presize vil, eta, dat nesans ak sèks paran pou yo ajoute a sou Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit la oswa sou Lòd Adopsyon an. Pa gen peman \$40 pou koreksyon lè w ap ajoute dezyèm paran an. Men, gen yon peman \$15 pou chak batistè korije ak yon peman \$40 pou koreksyon pou Lòd Adopsyon yo.

(kontinye nan pwochen paj la)

Tablo B kontinye. Kijan pou mwen ajoute non yon lòt paran? Li tablo sa a pou konnen sa ou dwe fè.

#	Sa mwen ye pou timoun nan	Èske mwen te marye lè timoun nan te fèt?	Mwen vle ajoute	Mwen dwe
5	Papa byolojik	Oubyen Wi oubyen Non	Tèt pa mwen	Gade enstriksyon yo pou nimewo 1, 2 ak 3 pi wo a epi ranpli si sa nesèsè. Ou gen dwa bezwen konsantman manman/paran ki te akouche timoun nan.
6	Dezyèm paran an (se pa papa/paran byolojik timoun nan)	Non Si se Wi, suiv enstriksyon yo pou nimewo 1	Tèt pa mwen	Ale nan Tribinal Koze Lafanmi an oswa nan Lakou Siprèm Eta New York la epi mande yon Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit oswa yon Lòd Adopsyon. Epitou, mande pou yo presize vil, eta, dat nesans ak sèks paran pou yo ajoute a sou Lòd Lyen Parante/Lyen Paran-Pitit la oswa sou Lòd Adopsyon an. Peman yo parèy ak pou nimewo 4 pi wo a.

Kijan pou mwen wete oswa chanje yon paran sou yon batistè NYC?

Sa mwen ye pou timoun nan	Èske mwen te marye lè timoun nan te fèt?	Mwen vle	Mwen dwe
Paran ki sou batistè a	Oubyen Wi oubyen Non	Chanje oswa wete yon paran	Ale nan Tribinal Koze Lafanmi an oswa nan Lakou Siprèm Eta New York la pou tabli lyen parante a. Mande yon Lòd Lyen Parante pou wete oswa chanje yon paran.

Tablo C. Chanje Sèks

#	Mwen se	Mwen vle	Kisa mwen bezwen fè?
1	Moun ki sou batistè a	Chanje sèks ki sou batistè mwen an	Ranpli demann nan ak fòmilè oto-atestasyon an (laj omwen 18 an). Gade on.nyc.gov/birthcertgenderselfattestation .
2	Paran timoun ki sou batistè a	Chanje sèks ki sou batistè pitit mwen an	Ranpli demann ak fòmilè oto-atestasyon pou minè yo (poko gen laj 18 an). Gade on.nyc.gov/birthcertgenderattestationminor .

Tablo D. Korije yon Erè Lopital la Fè

#	Mwen se	Mwen vle	Laj pitit mwen an kounye a se	Kisa mwen bezwen fè?
1	Paran ki sou batistè pitit mwen an	Ajoute prenon ak dezyèm prenon pitit mwen an	60 jou pou plis	Remèt demann sa a avèk ID valid pou paran ki gen non li(yo) sou batistè a. Ou pa gen pou peye.
			Poko gen 1 nan men gen plis pase 60 jou	Remèt demann sa a avèk ID valid pou paran ki gen non li(yo) sou batistè a. W ap peye frè nòmal yo.
2	Paran ki sou batistè pitit mwen an	Korije yon erè lopital la fè sou batistè pitit mwen an	Kounye a timoun nan gen mwens pase 1 nan	Retounen nan lopital kote pitit ou a te fèt la. Pote demann sa a epi mande yo fè yon demann koreksyon pou ranje erè a. Lopital la ap depoze demann nan elektwonikman bay Depatman Sante NYC an. Ou pa gen pou peye.
3	Paran ki sou batistè pitit mwen an	Korije yon erè lopital la fè sou batistè pitit mwen an	Kounye a timoun nan poko gen 18 an men li gen plis pase 1 an	Mande yon lèt nan men lopital kote timoun nan te fèt la ki di gen yon erè ki te fèt. Lèt la dwe bay non timoun nan, dat nesans li ak enfòmasyon enkòrèk yo jan yo parèt kounye a sou batistè a, epitou enfòmasyon kòrèk yo jan yo ta dwe parèt la. Lèt la dwe gen non paran ki sou batistè a.
4	Moun ki gen non li sou batistè a	Korije yon erè lopital la fè sou batistè mwen. Se pou bagay sa yo sèlman: sèks, dat ak lè ou te fèt la, kote ou te fèt la.	Ou gen omwen 18 an.	Mande yon lèt nan men lopital kote ou te fèt la ki di gen yon erè ki te fèt. Lèt la dwe bay non mwen, dat nesans mwen ak enfòmasyon enkòrèk yo jan yo parèt kounye a sou batistè a, epitou enfòmasyon kòrèk yo jan yo ta dwe parèt la. Ou dwe bay tou youn nan bagay sa yo: fich travay, jounal oswa rejis nesans lopital la yo te ranpli nan moman nesans la.

Tablo E. Wete Enfòmasyon Nan yon Batistè

#	Mwen se	Mwen vle	Kisa mwen bezwen fè?
1	Moun ki gen non li sou batistè a oswa paran timoun ki gen non li sou batistè a. Si se yon paran, timoun nan dwe poko gen 18 an.	<p>Wete enfòmasyon ki sou batistè a</p> <p>Wete non yon doktè</p>	<p>Ale nan Lakou Siprèm Eta New York la pou mande yon lòd tribinal pou wete enfòmasyon yo. Si se yon erè lopital, gade Tablo D.</p> <p>Ou ka wete non yon doktè sou yon batistè si li remèt pèmi egzèse li oswa si Depatman Sante Eta New York la, Biwo Konduit Medikal Pwofesyonèl la (Office of Professional Medical conduct) revoke li. Ale sou nyc.gov/health epi chèche "<u>certificate corrections</u>" (koreksyon batistè) pou jwenn enstriksyon yo (anba antèt "Common Corrections" (Koreksyon ki fèt Souvan yo), gade "How do I remove information on the birth certificate?" (Kijan pou mwen wete enfòmasyon ki sou batistè a?). Si ou gen kesyon, rele 311 epi mande pou "Vital Records assistance" (asistans pou Eta Sivil) oswa voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov. Si ou andeyò NYC, rele 212-639-9675.</p>